
Itilite Tè ak Transpè

a ak Rekonstriksyon Cummins Highway

17 Out, 2021



**boston planning &
development agency**




Public Works



Transportation


Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

- Si hablas español y prefieres escuchar la reunión en esta lengua utiliza el botón de “Interpretation” (Interpretación) para acceder al canal de audio en español.
- *Si w pale Kreyòl Ayisyen e w prefere tande reyinyon an nan lang sa a tanpri sèvi ak bouton "Interpretation" (Entèpretation) pou w jwenn aksè ak chèn odyo pou Kreyòl Ayisyen an.*




Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

- This meeting **will be recorded**.
 - Esta reunión **será grabada**.
 - *Reyinyon sa a **ap anrejistre**.*
- Update your name in Zoom to include your preferred name and your pronouns.
 - Actualiza tu nombre en Zoom con tu nombre preferido y tus pronombres.
 - *Aktyalize non w sou Zoom pou w mete non prefere w ak pwonon w.*



Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

- Your microphones are turned off to start. You will need to unmute to speak. Joining via phone? Press ***6** to unmute.
 - Tu micrófono está apagado al empezar. Tendrás que reactivarlo para hablar. ¿Participando por teléfono? Presiona ***6** para reactivar el micrófono.
 - *Mikwo w fèmen pou kòmanse. Ou pral bezwen ouvri mikwo a pou w pale. W ap konekte pa telefòn? Peze ***6** pou ouvri mikwo a.*
- You can use non-verbal feedback options. Raise your hand or leave a message in the chat box if you have a question. If you called into the meeting, use ***9** to raise your hand.
 - Puedes utilizar las opciones de reacción no verbales. O dejar un mensaje en el chat si tienes alguna pregunta. Si estás llamando por teléfono usa ***9** para levantar la mano.
 - *Ou gendwa sèvi ak opsyon fidbak non-vèbal. Leve men w oswa kite yon mesaj nan bwat tchat la si w genyen yon kesyon. Si w konekte nan reyinyon an, sèvi ak ***9** pou leve men w.*



Hello! ¡Hola! *Bonjour!*



Jeffrey Alexis

Public Works
Department



Jared Staley

Boston Planning
& Development
Agency



**Müge
Ündemir**

Boston Planning
& Development
Agency



Sam Devine

Boston Planning
& Development
Agency



Daniela Sánchez

Transportation
Department

Avan nou kòmanse: Reyinyon ISD a ap fèt aswè a

COMMUNITY MEETING UNSANCTIONED BACKYARD EVENTS



LETS TALK

- Neighborhood impact
- Illegal sale of Alcohol
- Dangers of holding and attending illegal events
- City Officials and the community working together to build a safer community
- How to plan safe, legal and permitted events
- Resources: 311, 911, Inspectional Services, Licensing Board, Mayor Office...

Free Virtual
Meeting



Tuesday, August 17, 2021
6:00 pm - 7:00 pm

Please join us by visiting: <https://bit.ly/isdibe>
or scan the QrCode

Email jessica.thomas@boston.gov

Featured
Guest

Inspectional Services Department
Mayors Office of Neighborhood Services
Boston Police Department
Boston Fire Department

Tonight's Agenda

- Pouki sa ke nap rankontre?
- Aprann o sijè de PLAN: Mattapan e ak travay ke yo fè yo
- Revize gid planifikasyon an ki enfòmè de travay nou
- Tande de evènman kap vini yo ak resous nan Mattapan

OBJEKTIF RANKONT YO

Aprann o sijè de travay PLAN Mattapan

- Kouman travay yo gen rapò ak planifikasyon transpòtasyon?
- Kouman ajans Boston Planning ak Devlopman ap travay avèk Depatman Transpòtasyon e Depatman Travay Piblik?
- Kouman pran yon desizyon otou de tè ke yo sèvi ka afekte transpòtasyon ak mobilite?

Aprann o sijè de pwojè rekonstriksyon Cummins Highway

- Prinsip de Gid e bi ke nap travay pou-n reyalize
- Kouman ke yap itilize ide-w yo pandan ke yap desine prosè a
- Opòtinite kap vini pou-n bay yon modèl espesifik pou Cummins

REKONSTRIKSYON CUMMINS HIGHWAY

Sa ou wè sou Cummins kounye a se yon rekonsepsyon tanporè pou ralanti chofè k ap fè vitès yo ak amelyore sekirite pou tout itilizatè pandan n ap travay sou konsepsyon Cummins Rekonstwiksyon an.

Vizite boston.gov/cummins-highway pou plis enfòmasyon sou sekirite done ak kòmantè yo ke te nou kolekte pou enfòmasyon pwojè sa a.



POUKI SA YON REKONSTRIKSYON?

Yo p at amelyore Cummins Highway
depi **prentan 1955**.

Yo te retire tramway ki te akote
Cummins yo an 1953 pou yo fè plas
pou machin.

Konfigirasyon ri a reflete priyorite ane
1950 yo: pèmèt moun ki pa rezidan yo
kondui byen vit nan katye nou yo.



REKONSTRIKSYON CUMMINS HIGHWAY

Pandan yon pwojè rekonstwiksyon nou rekonstwi ri a totalman, sa ki gen ladann twotwa, arebò ri a, ekleraj ri a, limyè sikilasyon, revètman wout la, epi ranplase oswa mete sèvis piblik yo jan sa nesesè.

Vil la gen yon bidjè apeprè \$ 12 milyon dola pou rekonstriksyon Cummins Highway



REKONSTRIKSYON CUMMINS HIGHWAY

Nou pa ka pwodwi yon modèl san opinion pa ou. Ou pral ede fòmè ki jan Cummins lan ta dwe ye pou 70 ane kap vini yo.

Kounye a, nou ap kontakte kominote a pou-n enfòmè yo de modèl final la. Nou poko kòmanse travay enjenyè yo pou desine koridò a.



OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

- **Avanse avèk objektif Go Boston 2030 :**
 - Amelyore sekirite nan lari nou yo
 - Diminye emisyon
 - Envesti nan kominote yo reyalize ekite nan aksè a opòtinite.



OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

- *Avanse avèk objektif Go Boston 2030*
- **Kolabore avèk depatman lòt Vil yo pou avanse avèk plan kolektif nou yo.**
 - *Pou-n enfòmè rezidan yo de travay kap fèt nan tout Vil la.*
 - *Pou amelyore kolaborasyon nan travay nou an e reyalize objektif katye ak tout vil yo.*



OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

- *Avanse avèk objektif Go Boston 2030*
- *Kolabore avèk depatman lòt Vil yo pou avanse avèk plan kolektif nou yo.*
- **Kolabore avèk rezidan yo pou avanse avèk objektif yo:**
 - Konfime vizyon ou pou lavni avèk pwojè nou yo.
 - Konsyantizasyon ak patisipasyon nan efò ke ou pran swen sou



Planifikasyon Boston ak Ajans Devlopman

Planifikasyon avèk ajans Devlopman (BPDA) se planè ak ajans ekonomik pou Vil Boston an.

BPDA travay avèk tout moun ak kominote nan a travè tout katye nan Boston yo, pou planifye ak konstwi avni Vil la. Depatman kap planifye travay espesyalman avèk kominote a pou kreye yon vizyon a lon-tèm pou plas yo.

BPDA kolabore avèk plizyè depatman, ki gen ladan li Depatman Travay Piblik ak Depatman Transpòtasyon. Nou travay ansanm pou-n revize devlopman ki afekte rezo wout ak plan pou rasire ke yo adrese valè ak bi kominote a nan chak pwojè lari yo.

Ki sa ki PLAN an: Mattapan?

PLAN: Mattapan se yon inisyativ planifikasyon nan tout katye a ki travay kole kole ak kominote a pou revize efò planifikasyon pase yo, epi idantifye bezwen ak opòtinite pou amelyorasyon ki pral sipòte kwasans ekitab e dirab nan katye a alontèm

PLAN: Mattapan pral...

Ranfòse kilti ki deja egziste ak establi nan kominote a nan sipòte lojman abòdab, kreye opòtinite pou biznis yo boujonnen, ak ogmante koneksyon amelyore eksperyans katye a ak aksè pou travay ak espas kote moun yo rasanble.

What do we study?

Nan Mattapan, nou etidye lojman, devlopman ekonomik, chanjman klima, anviwònman an, ak mobilite.

Nou fè sa a avèk konpreyansyon sou kondisyon ki te deja egziste ansanm avèk valè ak objektif kominote a.

Epi aprè sa a nou planifye pou avni tout de katye a ak Vil la, lye valè ak objektif yo a nouvo polisi yo, gid yo e finalman nou aplike PLAN an: Mattapan.



Kiyès kap patisipe nan PLAN: Mattapan?


Kominote Boston an (OU MENM)

Depatman Vil nan Boston ki gen ladan li:

Depatman Transpòtasyon nan Boston

- Depatman Travay Piblik
- Depatman Devlopman Katye
- Biwo Devlopman Ekonomik
- Depatman Anviwonman

Eta Massachusetts (MassDOT, MBTA, DCR)



PLAN: Mattapan Goals

LOJMAN

Ankouraje opsyon lojman abòdab, ki estab, ak divès nan Mattapan pou diminye depلاسman epi kenbe nivo pwopriyetè kay yo.

MOUN & PLAS

Gide nouvo pwojè pou kontribye nan ranfòse kilti a ki deja egziste, ak selebre idantite Mattapan a.

ENVIWONMAN & CHANJMAN KLIMA A

Amelyore kalite lavi lè nou pwomote yon anviwonman ki an sante epi prepare pou Chanjman Klima a.

TRAVAY & BIZNIS

Ankouraje yon enklizif kwasans ekonomik lè nou sipòte ekonomi lokal yo ak ogmante aksè pou bay opòtinite andan ak an deyò Mattapan.

MOBILITE

Ogmante aksè ak opsyon de depلاسman de wo kalite pou ke moun yo ka konekte an sekirite e fiab nan destinasyon yo nan Mattapan nan ak nan rèz Vil la.

PLAN: OBJEKTIF MOBILITE NAN MATTAPAN

Adequate +
Consistent
Transportation
within Community

Create a
traffic +
Beautification
Plan for Blue Hill

Street
fairs.
- Family friendly
Block parties

make community aware
Better construction
schedules
Nstar
N'Grid
Verizon
etc.

to
to
interup
traffic
so
much

buses that
run a time
more bus
stops with shelters

MOBILITE

Ogmante aksè ak opsyon de depasman de wo kalite pou ke moun ka konekte an sekirite e fiab nan destinasyon yo nan Mattapan ak nan rès Vil la.

Objektif sa a soti dirèkteman nan Go Boston 2030 ak de sa nou tande nan kominote a.

Land Uses and Mobility - Community

Akoz de PLAN an: Mattapan, nou te travay avèk kominote a pou idantifye “Zòn” adisyonèl, ki se zòn ki melanje kote yo fè komès, vann an detay, ak rezidansyèl yo sitiye.

Zòn sa yo bay opòtinite pou moun kapab rankontre e kreye yon destinasyon pou katye a

Yo kreye tou yon opòtinite pou rezidan yo gen plizyè destinasyon, konte plis sou mache ak monte bisiklet.



Itilizasyon Tè ak Mobilite – Sekirite ak Aksè

PLAN: Mattapan siveye tou sou sekirite ak aksè.


Aksè nan pak ak ekipman kominote a, jis pou-n site kèk nan yo

- Sekirite pou pyeton, siklis, itilizatè transpò piblik yo.

Nou tande ke pase otou de Mattapan trè difisil pou tout moun ki itilize-l men li pa an sekirite pou pyeton ak siklis akòz de machin ki kouri avèk vitès.



Itilizasyon Tè ak Mobilite – Anviwonman ki an Sante



Sante kominote a ak anviwonman lye ansanm

Lari yo, building yo, ak domèn piblik la afekte sante nou dirèkteman

Lari ki an sante gen ladan pyebwa, aksè san danje pou tout moun kap itilize-l, plas pou moun yo rasanble, ak redwi konjesyon trafik

Kijan sa kapab afekte remaniman Cummins Highway?

Redesine Cummins Highway se yon opòtinite pou-n aplike valè PLAN yo: Mattapan, jan rezidan yo kominike ak objektif efò planifikasyon anvan yo.



Reyalize plan an - PLAN: Mattapan Timeline



Pandan ke bagay yo an prosè nou reyini chak 2 semèn pou-n ka kowòdine travay nou nan Mattapan ak pataje enfòmasyon, kòmantè nou resevwa, elatrye.

- Depatman Transpòtasyon nan Boston
- Depatman Travay Piblik
- Depatman Devlopman Katye
- Planifikasyon Boston & Ajans Devlopman

Cummins Highway Gid pou Planifikasyon

Inisyatif Planifikasyon pou Fairmount Indigo

- Etid la idantifye anpil opòtinite pou devlopman komèsyal ak rezidansyèl, aksè pou transpò piblik, devlopman domèn piblik, ak inisyatif bilding kominotè nan koridò a.
- Priyorite ak objektif kominote yo pou devlopman domèn piblik sou Cummins gen ladan yo:
 - Amelyore koneksyon ant pyeton nan Mattapan Square ak rante Station an
 - Amelyore sekirite pyeton yo -lajè twotwa yo, diminye ak konsolide koub twotwa yo e amelyore kote pou moun yo travèse.
 - Vizyèlman diminye lajè wout la
 - Amelyore koneksyon ak sekirite siklis yo.



Cummins Highway Gig pou Planifikasyon

An Ale Boston 2030

- Plan konplè pou transpòtasyon nan Vil Boston gen ladan li bi ak objektif nou yo ansanm ak yon lis pwojè ak règleman ke yo pral aplike.
- *Rekòmasyon espesyal pou Cummins Hwy.:*
 - Kòm yon katye ki konekte li bezwen devlopman pou amelyore sekirite de depasman, akomode moun ki monte bisiklèt, epi rann li pi konfòtab pou moun kap mache.
 - Yon santye ki pwoteje ak plizyè itilizasyon ki pwolonje de Koridò Sidwès la ki rive nan Neponset Greenway

Local

Neighborhood Complete Street Corridors

Enhancements to promote safe travel for those walking, on bikes, in buses, and driving cars

Project Sites: East Boston - Huntington Street (Battery - Egleston to Dudley, Neponset/Greenway - Cummins Highway, Dudley - South End Ave, Tremont Street (South End) Bicycle Facilities

○○○○○ Access 1 ●●●●● Access 2
●●●●● Safety 1 ○○○○○ Safety 2
●●●●● Accessibility ○○○○○ Accessibility
●●●●● Sustainability/Resilience 1 ●●●●● Sustainability/Resilience 2
●●●●● Community

The project recommendations came out of community feedback and the Needs Assessment.

Project Description

Implementing Boston's *Complete Streets Guidelines*, the City will install enhancements along several neighborhood connectors that improve travel safety, accommodate people biking, and make walking more comfortable. These include East Boston's longest connector, Bennington Street; Washington Street between Egleston and Dudley Squares; Humboldt Avenue in Roxbury; Cummins Highway connecting Roslindale and Mattapan; and Tremont Street in the South End.

Benefits and Issues Addressed

Each of these connectors neighborhood corridors experience higher crash rates and greater vehicle speeds than most of the residential streets that lead into them, yet residents of these neighborhoods depend on these corridors for daily life. Making each a complete street will improve safety for all travelers and provide much needed bicycle accommodations where none exist. Once improved, these corridors can make it easier for residents to walk and bike to transit, neighborhood services, and their Main Street districts (p.44).

Best Practices

In 2018, NYCDOT released their Sustainable Streets plan. The plan laid out several transportation initiatives that would improve streets for all modes of transportation and increase safety for bicycles and pedestrians.

www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/sts_update_book.pdf

The City of Boston is currently designing Harrison Avenue in the South End with wide sidewalks and protected bike lanes with safer crossings for all.



Implementation

Approximate Cost: \$40 million for design and construction
Potential Funding Sources: City capital plan for design and Boston MPO TIF for construction
Who's Responsible: BID, Public Works, and MassDOT
Time Frame: Ongoing and over 15 years

Public Input

"Threat Street: Show your Roll! Road Diet: Imagine a Threat Street in the South End, ward on a diet. What could that mean for the neighborhood? Decreased average driving speeds, and increased safety for people on foot and on bikes? Yes."

Objektif Rekonstriksyon Cummins Highway: Plis sekirite, plis aksesib

Transfòme Cummins Highway tankou **yon katye ki gen twa liy nan lari a** ki pi an sekirite pou fanmi yo mache, pou yo rete tann otobis, monte bisiklèt, oswa vwayaje nan machin.

Li pral konekte rezidan yo nan rezo Vil la ak espas ki ouvri yo epi rann li pi fasil pou granmoun ansyen yo travèse lari a.




Orè pou Pwojè Rekonstriksyon Cummins Highway

11 Avril, 2019 premye rankont piblik
meeting at Mattahunt

27 Fevrye, 2020 twazyèm rankont piblik nan
Mattahunt

- ▶ *Prezantasyon konsèp desen yo.*



**Pwosè pou Desin
(Faz 2)
Oktòb 2020 –toujou an kou**

Jul., 2021 – toujou an kou
Desin pou Rekonstriksyon Cummins
Reconstruction



**Pwosè pou
desin (Faz 1)
Jiyè. -
Oktòb
2020**

29 Oktòb, 2019 dezyèm rankont piblik nan
Mattahunt

Jen., 2021 –toujou an kou

Angajman pou desine Rekonstriksyon Cummins

- ▶ *Jen: Espesyal T-Pale - Arete Mobilite pou Manje ak Bòn sante avèk Mattapan*
- ▶ *Jiyè: Rezistans pou Chalè*
- ▶ *Jiyè: Kalite È*
- ▶ *Out: Itilizasyon Tè*
- ▶ *Septanm: Limyè*
- ▶ *Oktòb: Sante Piblik*
- ▶ *Novanm ak pi lwen pase pyebwa yo: pyebwa yo, enfrastrikti vè kontou yo, amelyorasyon pou pyeton yo.*


Konsèy pou enfòm sou Rekonstriksyon Cummins Highway a

Koleksyon ak analiz done:

- Enjenyè nou yo kolekte volim trafik yo e kontwole jan trafik la ye. Yo fè obsèvasyon ak evalye done aksidan ki disponib yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan done nou kolekte yo ale nan:

boston.gov/cummins-highway#safety-on-cummins-highway



Injury-causing crashes on Cummins Highway, between River St and Wood Ave/Harvard St, from 2015-2021

Konsèy pou enfòm sou rekonstriksyon Cummins Highway a

Koleksyon ak analiz Done

Opinyon Kominote a:

- Opinyon kominote ke nou resevwa yo nou sèvi avèk yo pou enfòm konpreyansyon nou sou koridò a ak kreye yon plan final la pou rekonstriksyon an.

Lè ou bay opinyon ak yon pwoblèm oswa yon ide nou ale deyò nan koridò a pou-n ka obsève, kolekte done, ak fè rechèch de sa nou ka fè nan desen an pou adrese bezwen ou pandan ke nap balanse tou bezwen lòt moun yo avèk objektif pwojè a.

Konsèy pou enfòmè sou rekonstriksyon Cummins Highway a

Koleksyon ak analiz done

Opinyon Kominote a

Swiv pi bon pratik yo:

- Swiv desen ak gid yo ke Vil la, Eta a e/oswa ajan federal yo andose.
- Konsilte avèk lòt kamarad nan tout peyi a pou pi bon pratik.

Konvèsasyon avèk opinyon konsantre

Nou pral kontinye gen konvèsasyon avèk ou sou Redesine Cummins Highway. **Opinyon wap bay pandan diskisyon sa yo nou pral itilize yo pou enfòme sou remenajman Cummins epi nou pral pataje yo ak lòt depatman pou enfòme de travay yo tou.**

An Jen nou te òganize yon edisyon espesyal T-Talk ak Charles T. Brown pou diskite sou fason mobilite Nwa Ameriken yo limite nan peyi Etazini akòz lapolis, polisi, ak politik.

An Jiyè nou te òganize de reyinyon vityèl ak Depatman Anviwònman an.

Konvèsasyon avèk opinyon konsantre

An jiyè nou te òganize de reyinyon vityèl ak Depatman Anviwònman an.

Nou te pale de etid rezistans chalè nan Vil la ak redesine Cummins. Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

- Ou ta renmen pou nou ajoute plis lonbraj. Nap chèche pye bwa ak abri. Nap chèche pou yon konvèsasyon kominotè nan mwa kap vini yo! Ou te konsène sou Redesign tanporè a ak enpak li sou sèvis ijans ak trafik.
- Ou te konsène de redesine tanporè a e enpak li ka genyen sou sèvis ijans yo ak trafik la.

Nou te pale de katlite lè a ak kijan polisi transpòtasyon yo ak remenajman kapab enflyanse lè a. Pandan konvèsasyon sa nou te tande:

- Ou te enterese pou nou siveye sou kalite lè nan koridò a. Nap chèche pou-n wè ki kote nou ka mete monitè yo pou bon kalite lè nan zòn pwojè yo.
- Ou te konsène de redesine tanporè de Cummins Highway e kijan trafik la afekte kalite lè.

Lòt Etap

Rete branche pou lè nou anonse fòmasyon sa yo sou eleman kontricksyon yo:

- Limyè Lari ak redesine Cummins Highway - **21 Septanm**
- Sante Piblik ak redesine Cummins Highway - **5 Octòb**
- Enfrastrikti Vè ak redesine Cummins Highway- A detèmine
- Pyebwa ak redesine Cummins Highway - A detèmine
- Ronpwen ak Redesine Cummins Highway - A detèmine

Resous ak rete angaje



Rete an kontak:

PLAN: Mattapan

- Evènman kap vini yo:
 - TBD Septanm: Fòmasyon pou Koridò yo ak Fabrik Rezidansyèl
 - Aktivite pou Art Piblik ap Kontinye Tanporèman
 - BPDA x MAPC Neponset Greenway Travay Ekstansyon
- Vizite sit nou an nan: bit.ly/PlanMattapan
- Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte manadjè kominote ki angaje nou an Kenya Beaman nan: kenya.p.beaman@boston.gov

Rekonstriksyon Cummins Highway

- Limyè Lari e Rekonstriksyon Cummins Highway 21 Septanm a 6:30 p.m.
 - Anrejistre la a: bit.ly/Cummins-Light
- Vizite sit pwojè a: boston.gov/cummins-highway
- Chat avèk nou: bit.ly/Cummins-15
- Kontakte Jeffrey Alexis: jeffrey.alexis@boston.gov

Lè Kafe avèk Majistra Janey nan Mattapan

Yon opòtinite inik pou pale dirèkteman avèk Majistra a ak anplwaye nan depatman Vil la o sijè de espas ki ouvri yo avèk lòt karakteristik nan katye yo.

- **Almont Park** (40 Almont Street)
 - *Vandredi, 27 Out*
 - 10:30 - 11:30 a.m.



Seri Egzèsis nan Pak an Ete

Pak ak Rekreyasyon nan Boston, an kolaborasyon ak Komisyon Sante Piblik ak Blue Cross Blue Shield, ofri klas an-pèsòn ak klas vityèl Gratis jiska 2 Oktòb ki dirije pa antrenè egzèsis yo ki sètifye.

- **Almont Park** (40 Almont Street)
 - Madi 6-7 p.m.: *Fanmi Zumba avèk Carmen*

Pou plis enfòmasyon vizite
boston.gov/fitness



Sa kap pase nan Mattapan: Rete Fre!

Pisin ak espre tou louvri pou kenbe-w fre nan chalè a:


- Lakou Rekreyasyon (40 Almont Street)
- Ernest Chery Jr. Lakou Rekreyasyon (64 Orlando Street)
- BCYF Mildred Avenue (5 Mildred Avenue)
 - Anplis de pisin lan ak espre tot. Yo ofri tou:
 - Klas Art
 - Klas pou aprann naje
 - Klas pou sèvi ak òdinatè
 - Klas pou aprann fè manje e plis ke sa

Pou plis enfòmasyon ale nan:

boston.gov/summer-boston

POOL AND TOT SPRAY LOCATIONS

Search for your address... 



POOL



TOT SPRAY

SAK KAP PASE NAN MATTAPAN

Lakou Rekreyasyon Walker

- Pwojè konstriksyon an sou pye. Nou te kòmanse nan kòmansman mwa Jen an, men li te fè lapli nan premye semèn yo. Travay la ap pwogrese nan demolisyon ak travay sèvis itilite.
- Pou plis enfòmasyon, kontakte Lauren Bryant:
 - 617-961-3019
 - lauren.bryant@boston.gov



BPL OUTDOOR WI-FI ZONE POP-UPS ZÒN DEYÒ BPL KI GEN WI-FI KI MONTE

Zòn deyò ki gen Wi-Fi, yo bay kote pou chita deyò a, lonbraj, ak ekleraj 24 èdtan pa jou nan Bibliyotèk Piblik Boston yo:

- **Bibliyotèk Mattapan** (1350 Blue Hill Ave)
 - Madi ak Jedi, 9 - 11 a.m
 - Manje maten nourisan ak manje midi gratis pou jèn 18 an ak mwens.
 - Lè Madi, 10 a.m. - 12 p.m.
 - Orè biwo pou Fon Sekou lokasyon an



Sak kap pase nan Mattapan: Sit Vaksinasyon ki tou prè

Gallivan Sant Kominotè (61 Woodruff Way)


- Samdi, 28 Out, 2 - 5 p.m.
- Byenveni ak Walk-ins welcome!

Imigran ak Sèvis Enstiti pou Fanmi e Brigham Health/ Brookside Sant Sante Kominotè (1626 Blue Hill Avenue)

- Chak Vandredi nan mwa Out la de, 8:30 - 11:45 a.m.
- Ou pa bezwen mete randevou!

Pou plis enfòmasyon ale nan: boston.gov/covid-19

COVID-19 VACCINE LOCATIONS



Sa kap pase nan Mattapan: Tou Bisiklet pou moun ki fèk ap aprann monte yo


- Tou Bisiklet pou moun ki fèk ap aprann monte yo nan Neponset River Greenway
 - Rankontre nan Mattapan Square T stop.
 - *Chak Lendi swa a 5:30 p.m.*

- Medam kap dirije moun ki fèk ap monte bisiklet yo avèk medam kap woule yo ak BTB
 - *Dimanch, 29 Out, 2021 a 11 a.m.*
 - Rankontre nan espas Pakin Neponset Trail nan Hallet Street (nan Pope John Paul II Park nan Hallet St)



Sa kap pase nan Mattapan: Pas gratis pou Bisiklet yo chak Lendi nan mwa Out la

- Blue Cross Blue Shield nan Massachusetts ("Blue Cross") ap ofri woulib gratis pou Bisiklet ble yo nan "Bluebikes rides on Mindful Mondays" (pa janm rate yon Lendi) pandan tout mwa Out la.
 - **23 Out:** BlueCrossMindful0823
 - **30 Out:** BlueCrossMindful0830
- Rezidan yo ka gen aksè a trajè gratis lè yo telechaje epi louvri app Bluebikes la (Bisiklet Ble) nan yon aparèy mobil epi chwazi "Pas Avanti," epi antre kòd apwopriye pou chak Lendi nan mwa Out.



LEARN TO RIDE!

Medanm yo kap aprann monte bisiklet
(boston.gov/women-bike)

- Konesans de Baz
 - 25 Out a 6 p.m., Franklin Park Playstead
 - 11 Septanm a 10 a.m., Boston Water & Sewer
 - 25 Septanm a 10 a.m., Boston Water & Sewer
- Abilite nan Lari
 - 11 Septanm a 12 p.m., Boston Water & Sewer
 - 25 Septanm a 12 p.m., Boston Water & Sewer

